МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ

ЦОДОУ ЗОЖ

Государственное казённое образовательное учреждение «Бавтугайская специализированная школа -интернат им.Гамзатова М.Г»

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| руководитель МО | зам.директора по УВР | директор |
| Далгатова А.Д. | Магдилова Х.М. | Ахмедов Н.Г. |
| приказ №1 от «27» августа 2023 г. | приказ №1 от «27» августа 2023 г. | приказ №1 от «27» августа 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**
**по родному (аварскому языку)**

**БАЗОВЫЙ УРОВЕНЬ, ОСНОВНОЕ ОБЩЕЕ ОБРАЗОВАНИЕ**

**для обучающихся 10-11 кл. (ФГОС)**

**Общее количество часов**

**в неделю1ч.**

**а год 34ч.**

**Учитель:Мусагаджиева Гульжанат Дибирмагомедовна**

*Программа разработана на основе примерной программы основного общего образования*

2023-2024уч.г

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

## ПРОГРАММА

### X КЛАСС (68 сагIат)

1989/90 цIалул соналдаса байбихьун, Дагъистан Республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъул коллегиялъул хIукмуялда рекъон, росдал школазул X–XI классаздаги малъулеб буго рахьдал мацI. Гьединлъидал Дагъистаналъул гIелмиябгун цIех-рехалъул педагогикияб институталъул рахьдал мацIазул секторалъ хIадур гьабураб программа буго гьаб.

Гьаб программаялъ, X–XI классалда рахьдал мацI малъизе, бихьизабун буго анкьида жаниб цо сагIат. Кинабниги лъагIалида жаниб – 68 сагIат. ТIасиял классазул программаялда рекъон, авар мацIалъул аслияб курс лъугIула V–IX классазда. Гьединлъидал X–XI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул кIвар бугел баянал гьваридго ва гIатIидго такрар гьари.

Программаялъ гьорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бутIаби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, битIун аби ва битIунхъвай, рагIул гIуцIи, грамматика ва пунктуация.

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. МутIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе ай, цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цоги тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

### МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал

Авар литературияб мацI, гьелда тIад хIалтIи ва гьелъул тарих (история). Авар литературияб мацI северияб наречиялъул кьучIалда гIуцIараб букIин. Северияб ва югалъул диалектазул фонетикиял, лексикиял ва морфологиял батIалъаби (къокъго). Хъвай-хъвагIай гьечIел гIанди-цез группаялъул мацIал. Аваразул литературияб мацI – киналго магIарулазул рухIияб бечелъи.

### Стилистика ва каламалъул культура

I. Авар литературияб мацIалъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Халкъияб ва литературияб мацI. Стилистикаялъул х!акъалъулъ бичIчIи кьей. Литературияб мацIалъул хаслъаби (гIелмияб, канцеляралъул, газет-журналалъул ва художествиял асаразул). Художествияб адабияталъул мацI.

II. Тексталда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе лъай (хъванги бицунги). Материал бакIаризе ва гьелдаса пайда босизе лъай (хъванги бицунги). БатIи-батIиял хасиятазул (стилалъул) рагIаби ва предложениял ратIа гьаризе лъай.

### Лексикология

I. Лексика ва лексикология (къокъаб баян). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Омонимал. Синонимал. Антонимал. Авар литературияб мацIалъулъ чияр мацIаздаса (гIурус, гIараб, перс, тюрк) рачIарал рагIаби ва гьезул битIунхъвай.

II. Дурусго, мухIканго рагIи хIалтIизаби. РагIул такрарлъиялдалъун гIунгутIи бихьизаби. Жиндирго каламалъулъ синонимал, омонимал, антонимал хIалтIизаризе ругьунлъи. Хаслъиялъухъ балагьун, рекъон кколедухъ, рагIи тIасабищизе ва предложениялъулъ хIалтIизабизе лъай. Словараздаса пайда босизе ругьунлъи.

### Фразеология

I. Фразеологиял свераби ва гьел лъугьин. Эркенал рагIабазул дандраял ва фразеологиял свераби.

II. Антонимиял ва синонимиял фразеологиял гIуцIаби гъорлъе ккезарун, предложениял ургъи. Фразеологияб свери кинаб хасияталъул бугебали лъазе ва каламалъулъ битIун хIалтIизабизе ругьунлъи. Фразеологиял сверабазул словарь гьаби. Кицаби, абиял ракIари.

**БитIун аби (орфоэпия) ва интонация**

I. Орфоэпиялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Авар каламалъул интонация. Логикияб ударение.

II. Диалектиял гъалатIал риччачIого, битIун кIалъазе лъай. ГIурус мацIалдаса рачIарал рагIаби битIун абизе ругьунлъи. Рагьаралги рагьукъалги гьаркьал битIун абизе бугеб бажари камиллъизаби.

Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**Графика, битIунхъвай ва пунктуация**

I. Авар мацIалъул графикаялъул къокъабго тарих. Авар орфографиялъул аслиял къагIидаби (принципал). Лъалхъул ишараби ва гьезул кIвар.

II. Авар мацIалъул битIунхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай- хъвай гьаби.

Лъалхъул ишараби хIалтIизаризе бугеб ругьунлъи камиллъизаби.

**РагIул гIуцIи ва рагIи лъугьин**

I. РагIи лъугьин – мацI бечелъизе бугеб рес хIисабалда. РагIи ва рагIул формаби лъугьунел къагIидаби ва, гьел формаби лъугьунаго, рагIул кьибилалъулъ кколел хиса-басиял.

II. РагIи морфемабазде биххизе ругьунлъи. Морфемабазул магIна лъай. БатIи-батIиял морфемабаздалъун цIиял рагIаби лъугьинаризс ругьунлъи.

**МОРФОЛОГИЯ**

**Предметияб цIар**

I. Предметияб цIар. Предметияб цIаралъул падежияб система. Предметияб цIар ва гьелъул гIемерлъул форма лъугьунел къагIидаби. Предметияб цIар лъугьин ва гьелъул битIунхъвай.

II. БатIи-батIиял каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери **(бахIарай, херав, ункъояв, унтарав).**

МагIарда (-де -даса -дасан) гIадал падежазул формаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе лъай.

Хъвалсараб магIнаялда предметиял цIарал хIалтIизаризе лъай (меседил яс, ганчIил ракI).

**Прилагательное**

I. Прилагательное. Грамматикиял гIаламатал. БатIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса прилагательное лъугьин. Прилагательноялъулги хаслъул падежалда бугеб предметияб цIаралъулги синонимика (инсулаб тIадкъай – инсул тIадкъай).

II. БатIи-батIиял синонимал – прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Текстазулъ прилагательноял ратизе ва гьезул морфологияб разбор гьабизе лъай.

Описаниялъулъ прилагательноял хIалтIизаризе ругьун гьари (масала, тIабигIаталъул, рукъ-бакIалъул сурат кьолаго).

**РикIкIен**

I. РикIкIен. ГIуцIиялде балагьун рикIкIенал.

Авар мацІалда къадаралъул рикІкІеналда хадуб предметияб цІар кидаго цолъул формаялда букІин.

Предметияб цІаралъулгин иргадул рикІкІеналъул бухьен. РикІкІеназул битІунхъвай.

II. Къадаралъулги иргадулги рикІкІенал каламалъулъ битІун хІалтІизари. Предложениялъулъ гІадатаб, жубараб, составияб рикІен хІалтІизаби.

**ЦІарубакІ**

I. ЦІарубакІ. Грамматикиял гІаламатал. ЦІарубакІазул битІунхъвай ва битІун аби *(нижер, нужер, жидеца).*

Ишараялъул цІарубакІал лъабабилеб гьумералъул цІарубакІаллъун хІалтІизари.

II. Каламалъулъ предметияб цІаралъул, прилагательноялъул, рикІкІеналъул бакІалда цІарубакІал хІалтІизаризе лъай. Ишараялъул цІарубакІал (манзилалде балагьун) битІун хІалтІизари. Суалиял цІарубакІал ругел предложениял битІараб интонациялдалъун цІализе ва гара-чІвариялъулъ хІалтІизаризе лъай. *Нижер, нилъер* цІарубакІал каламалъулъ битІун хІалтІизаризе лъай.

**Глагол**

I. Глагол. Рухьарал ва тІадчІарал глаголал. Цо-цо глаголал, лексикияб магІнаялде балагьун, рухьарал ва тІадчІарал рукІине бегьи.

Глаголазул фразеологиял гІуцІаби ва журарал глаголал. Гьезул битІунхъвай.

Глаголалъул батІи-батІиял наклонениял ва гьезул формаби.

Жубараб предложениялъул бутІаби цоцалъ рекъезаризе глаголалъул формабаздаса пайда боси.

II. Аслияб ва цогиялда бараб рагІилъун глаголалги ккезарун, рагІабазул дандраял гІуцІизе ва гьел каламалъулъ хІалтІизаризе лъай.

I. Причастие ва гьеб лъугьин. Причастиялъул синтаксисияб роль. Причастие предметияб цІаралде свери. Причастияб сверел ва определениелъун тІаджубараб предложение. Гьениб лъалхъул ишараби.

II. Причастие ва причастиял сверелал каламалъулъ хІалтІизаризе лъай. Причастиялгун рагІабазул дандраял гІуцІизе лъай.

Суалиял ва риторикиял предложениязулъ причастие сказуемоелъун хІалтІизаби.

I. Деепричастие ва гьеб лъугьин. Деепричастиялъул синтаксисияб роль. Деепричастияб сверелгун лъалхъул ишараби.

II. Деепричастиегун рагІабазул дандраял гІуцІизе лъай. Каламалъулъ деепричастияб сверел хІалтІизабизе лъай.

Причастиялъулги деепричастиялъулги кумекалдалъун составиял глаголал лъугьинаризе ругьунлъи.

**Наречие**

I. Наречие ва гьелъул грамматикиял гІаламатал. Наречие лъугьин ва гьелъул битІунхъвай. Качествиял наречиял ва гьезул роль.

II. Наречиял битІун хъвазе ругьунлъи камиллъизаби.

Аслияб ва цогиялда бараб рагІилъун наречиялги ккезарун, рагІабазул дандраял гІуцІи ва гьел каламалъулъ хІалтІизаризе лъай.

Синонимиял, антонимиял наречиял хІалтІизаризе лъай. Предметияб цІаргун хІалтІизабулеб хадурегІел наречиялдаса батІа бахъизе лъай.

**Союзал**

I. Союзал. ГІадатал, журарал, составиял союзал. Союзазул битІунхъвай.

II. Предложениял ва предложениялъул членал союзаздалъун цоцаздехун хурхинаризе лъай.

Союзал гьорлъ ругел предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Союзал – синонимал каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

### Частицаби

I. Частицаби. Цо-цо мехалда частицабиги союзалги омонимал хIисабалда дандчIвай ва гьел ратIарахъи.

Союзаллъунги форманталлъунги (суффиксаллъунги) хIалтIизарулел частицаби.

II. МагIнаялъухъ балагьун, батIи-батIиял частицаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Частицабазул битIунхъвай.

### ХадурегIел

I. ХадурегIел. ГIемерисел хадурегIелал наречиялдаса лъугьарал рукIин лъай. Цогидал каламалъул бутIабаздаса жал лъугьинчIел хадурегIелал. ХадурегIелазул битIунхъвай.

II. БакIалъул падежалгун хадурегIелал хIалтIизари. ХадурегIелалги наречиялги тексталъулъ ратIарахъи.

### Междометиял

I. Междометиял. Междометиязул битIунхъвай.

II. Междометиял гъорлъ ругел предложениял дурусго цIализе лъай. Художествияб тексталъулъ ва каламалъулъ междометие хIалтIизабиялъухъ халкквей.

## XI КЛАСС (68сагIат)

### Синтаксис ва пунктуация

### РагIабазул дандраял ва предложение

I. Синтаксисалъул аслиял бутIаби. РагIабазул дандраял ва предложениял, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи.

II. Глаголал, предметиял цIарал, прилагательноял, наречиял аслияллъунги ккезарун, рагIабазул дандраял гIуцIизе лъай. РагIабазул дандраяздасан предложениял гIуцIизе лъай.

I. Каламалъулъ предложениялъул кIвар. Абиялде балагьун, хабариял, суалиял ва тIалабиял предложениял. АхIул предложение. Гьезул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъулъ рагIабазул тартиб ва логикияб (магIнаялъулаб) ударение.

II. ГIадатал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай. Предложениязул ахиралда кколел лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

Суалиял ва ахIул предложениялги гъорлъе ккезарун, цо гьитIинаб текст гIуцIизе.

*БичIчIизе, рагIизе, батизе* ва гь.ц. глаголал сказуемояллъун ккараб мехалда, подлежащее жинда падежалда; *бокьизе, хиралъизе* гIадал глаголал сказуемоелъун ккараб мехалда, подлежащее кьовул падежалда букIунеблъи баян гьабизе.

### БетIерал ва бетIерал гурел членал

I. БетIерал членал. Подлежащее, гьеб букIунел падежал. Подлежащеелъун батIи-батIиял каламалъул бутIаби ккей.

ЦIарулаб ва глаголияб составияб сказуемое.

БитIараб дополнение. БитIараб дополнениелъун кколел каламалъул бутIаби.

БитIараб дополнениялда ва аслияб падежалда бугеб подлежащеялда гьоркьоб батIалъи.

Цадахълъел. РатIалъизарурал членалгун предложениял ва гьезулъ лъалхъул ишараби.

II. Подлежащеегун сказуемое жинсгун формаялъулъ рекъонккеи. Бухьен гьоркьоб биччан бугони, подлежащеялдаги сказуемоеялдаги гьоркьоб тире лъезе ругьун гьари.

Предложениял тIиритIизаризе ругьун гьари.

РатIалъизарурал членалги гъорлъе ккезарун, тIабигIаталъул хIакъалъулъ цо гьитIинаб хабар хъвай.

**Тайпа цоял членалгун**

I. Предложениялъулъ тайпа цоял членазул батIи-батIиял кьерал. Подлежащеегун ва битIараб дополнениегун сказуемоялъул рекъонккеи. Тайпа цоял членалругеб мехалда гIамлъул рагIаби ва лъалхъул ишараби.

II. Тайпа цоял членал ругеб предложение членазде биххизе лъай.

Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIи хIалтIизаби ва лъалхъул ишараби (кIитIанкI, тире) битIун лъезе ругьун гьари.

**ХитIабалги, гьоркьор ккарал рагIабиги ва междометиялги гьорлъ ругел предложениял**

I. Каламалда жаниб хитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби.

II. ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун гьитIинабго хабар гIуцIи.

ХитIабалги гьоркьор ккарал рагIабиги ругел предложениял, интонация цIунун, цIализе ва лъалхъул ишараби битIун лъезе ругьун гьари.

**БитIараб ва хъвалсараб калам**

I. БитIараб ва хъвалсараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. БатIи-батIиял стилазул каламалъулъ битIараб калам хIалтIизаби.

II. Авторасул рагIабаздаги битIараб ва хъвалсараб каламалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи батизе лъай.

БитIараб калам хъвалсараб каламалде сверизабизе бажари.

**Жубараб предложение**

Журарал предложениязул тайпаби, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизаризе лъай.

Союзал ругел журарал предложениял.

**Жубараб сокIкIараб предложение**

I. МагIнаялде балагьун, журарал сокIкIарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзалъул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къагIидаби. Интонациялъул хасиятал ва гьезда рекъон лъалхъул ишараби.

II. МагIнаялде балагьун, жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIаби ратIа гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун букIин, иш хадуб-цебе тартибалда лъугьун букIин, иш гIаксалда кколеб букIин, иш цояб тун, цогияб лъугьун букIин ва гь.ц.).

Журарал сокIкIарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе, гьезул разбор гьабизе лъай.

**Журарал нахърилълъарал предложениял**

I. МагIнаялде балагьун, журарал нахърилълъарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи; бетIераб ва тIаджубараб предложение; бетIерабги тIаджубарабги предложениялъул цо чIараб бакI букIунареблъи; гьел цолъизаризе хIалтIизарулел союз рагIаби.

Союзал гьечIел журарал сокIкIарал ва журарал нахърилълъарал предложениял синонимал хIисабалда хIалтIизари.

БатIи-батIияб стилалъул каламалъулъ журарал нахърилълъарал предложениял хIалтIизариялъул къагIидаби.

II. Журарал нахърилълъарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе лъай.

Каламалъулъ журарал нахърилълъарал, журарал сокIкIарал ва ратIа гьарурал членалгун гIадатал предложениязул синтаксисалъул синонимал хIисабалда разбор гьабизе ругьунлъи. Журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб предложение**

I. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул гIуцIи.

Союзал ругеб яги союзал гьечIеб, цо чанго предложениялдасан гIуцIараб жубараб нахъбилълъараб предложение. СокIкIиналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение.

II. ТIадехун рехсарал журарал предложениязул разбор гьабизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

**Союзал гьечIел журарал предложениял**

I. Союзал ва союз рагIаби гьечIел журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

II. Союзал гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе, интонацияги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Калам цебетIезаби**

Текст. Тексталъул аслияб магIна ва пикру баян гьаби. План.

ГIадатияб ва жубараб план. Планалъул кIвар. Описание гьабулеб текст къокъго, гIатIидго бицин. Хабариял текстал жиндирго цIаралдалъун бицине ругьунлъи.

Планал гьарун, планаздасан бицин.

Фразеологиял сверелал ва бегIерал рагIаби (крылатые выражения) ракIари ва гьел жиндирго каламалъулъ хIалтIизари.

Тезисал.

Героязул ишазе, лъугьа-бахъиназе, хIужжабазе къимат кьезе, жиндирго пикру загьир гьабизе.

Конспект, доклад гIуцIизе, гьезда тIасан кIалъазе рахъин.

ЦIалараб, бихьараб жоялда тIасан къокъал сочинениял хъвай. ЦIаларалъе, бихьаралъе къимат кьей. Гьалмагъасул хIалтIуе къимат кьей (рецензия).

Автобиография, расписка, доверенность хъвай. БатIи-батIиял тайпабазул изложениял: текстalде гIагарал, къокъал, тIасарищарал, творческиял тIадкъаял ругел, сочинениялъул элементал ругел.

# Авар мац1 10 класс

| № п/п | Дарсазул темаби | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Халкъалъул г1умруялъулъ мац1алъул к1вар лъай;<br>2. Авар мац1алъул х1акъалъулъ къокъабго баян кьей;<br>3. Маг1арул мац1 ва гьелъул диалектал малъи | Мац1алъул х1акъалъулъ баян | | |
| 2 | Стилистика ва каламалъул культура | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар литературияб мац1алъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Халкъияб ва литературияб мац1 бат1а гьабизе лъай<br>2. Стилистикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей. Литературияб мац1алъул хаслъаби рак1алде щвезари | Стилистика ва каламалъул культура | | |
| 3 | Лексика ва лексикология | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Лексикаялъул ва лексикологиялъул х1акъалъулъ цебехун малъараб материал щула гьаби;<br>2. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на бук1ин лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Лексика ва лексикология | | |
| 4 | Синонимал. Антонимал. Омонимал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Синонимал, антонимал, омонимал каламалъулъ х1алт1изаризе лъай;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 5-5 мисал бачине | | |
| 5 | Фразеология | 1 | | 1. Фразеологиялъул ва фразеологиял сверелазул х1акъалъул баянал гъварид гьари;<br>2. Фразеологиялъул дандраялгун предложениял г1уц1изе ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 фразеологиял сверелал рек1ехъе лъазаризе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 6 | Бит1ун аби ва интонация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Орфоэпиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>2. Гъалат1ал риччач1ого, бит1ун к1алъазе бугеб бажари борхизаби;<br>3. Г1урус мац1алдаса рач1арал раг1аби бит1ун абизе ругьунлъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 10-20 раг1и г1урус мац1алдаса бач1араб хъвазе, ударениеги лъун. 10 раг1и хъвазе нилъер росулъ, гъалат1ал риччан, абулеб | | |
| 7 | Бит1ун аби ва интонация. Логикияб ударение | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Интонацияги ц1унун, бат1и-бат1иял тайпабазул предложениял ц1ализе бугеб ругьунлъи камиллъизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-2 бат1и-бат1иял тайпаялъул предложения л г1уц1изе | | |
| 8 | Контролияб диктант. Рит1уч1ил бурут1 | 1 | Х1асил гьаби | Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 9 | Графика | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Графикаялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Графика | | |
| 10 | Бит1унхъвай ва пунктуация | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авар орфографиялъул аслиял къаг1идаби. Авар мац1алъул бит1унхъваялъул словарь, гьелъулгун лъай-хъвай гьаби;<br>2. Лъалхъул ишараби ва гьезул к1вар;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Бит1унхъвай ва пунктуация | | |
| 11 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 | Комбин. | 1. Раг1и ва раг1ул формаби лъугьунел къаг1идаби ва, гьел формаби лъугьунаго, раг1ул кьибилалъулъ колел хиса-басиял рихьизари;<br>2. Раг1и морфемабазде биххизе ругьун гьари. Бат1и-бат1ил морфемабаздалъун ц1иял раг1аби лъугьинаризе лъазе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Морфемабаз-далъун 10 раг1и лъугьинабизе | | |
| 12 | Предметияб ц1аралъул морфологиял категориял | 1 | Комбин. | 1. Предметияб ц1аралъул морфологиял категориязулгун лъай-хъвай гьаби (цебе малъараб г1амлъизаби);<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва | Морфологиял категориял | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 13 | Предметияб ц1аралъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1алдохъаби предметияб ц1аралъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 предметияб ц1аралъул разбор гьабизе | | |
| 14 | Прилагательное. Гьелъул морфологиял хасиятал | 1 | Комбин. | 1. Прилагательноя-лъул морфологиял хасиятал рак1алде щвезари ;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Прилагатель-ное. Гьелъул морфологиял хасиятал | | |
| 15 | Прилагательно-ялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Прилагательноя-лъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 прилагатель-ноялъул разбор гьабизе | | |
| 16 | Рик1к1ен | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Рик1к1еналъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Г1адатал, журарал ва составиял рик1к1енал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Рик1к1еназул бит1унхъвай малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Рик1к1ен | | |
| 17 | Рик1к1еналъул морфологияб разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Морфологияб разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Калам цебет1езаби | 2 рик1к1ена-лъул разбор гьабизе | | |
| 18 | Калам цебет1езаби. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | Изложениялъ е х1адуризе | | |
| 19 | Изложение. Эбелалъул гъадаро | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Эбелалъе гъадароялъул хиралъи щай бугебали лъай | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 20 | Ц1арубак1. Ц1арубак1азул разрядал ва бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Ц1арубак1алъул х1акъалъулъ бугеб лъай гъварид гьаби (т/гь.);<br>2. Ц1арубак1алъул разрядал рак1алде щвезари;<br>3. Ц1арубак1азул бит1унхъвай такрар гьаби | Ц1арубак1 | | |
| 21 | Ц1арубак1алъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Цебехун малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1арубак1алъул разбор гьабулеб къаг1ида малъи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2-3 ц1аруба-к1алъул разбор гьаби | | |
| 22 | Глагол. Гьелъул грамматикиял г1аламатал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Цересел классазда малъараб материал такрар гьаби (г1амлъизаби); | Глагол | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Переходный ва непереходный глаголазул х1акъалъулъ баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 23 | Глаголалъул заманаби ва наклонениял. Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Глаголазул заманаби ва наклонениял рат1а гьаризе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Глаголазул бит1унхъвай рак1алда щвезаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Глаголазул бит1унхъвай | | |
| 24 | Причастие | 1 | Комбинир. | 1. Причастиялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Причастиялъул глаголазда ва прилогательнояздa релълъарал рахъал рихьизари;<br>3. Цебе малъараб материалалъул хал гьаби;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Причастие | | |
| 25 | Деепричастие | 1 | Комбинир. | 1. Деепричастиялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бугеб бич1ч1и г1амлъизаби;<br>2. Деепричастиегун рag1абазул дандраял г1уц1изе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Деепричастие -гун 5 предлож. г1уц1изе | | |
| 26 | Калам цебет1езаби. Ишалъул кагътал | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Г1арза ва лъазаби хъвазе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Газеталъе макъала хъвазе | | |
| 27 | Наречие. Гьелъул грамматикиял г1аламатал | 1 | Комбинир. | 1. Наречиялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Наречиялъул грамматикиял г1аламатал малъи;<br>3. Наречиязул бит1унхъвай малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Наречие | | |
| 28 | Наречиялъул разбор | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Наречиялъул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3 наречиялъул разбор гьабизе | | |
| 29 | Союзал | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Союзазе баян кьей;<br>2. Союзазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Союзал гьорлъ ругел предложениял каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | Союзал | | |
| 30 | Частицаби | 1 | Комбинир. | 1. Частицабазе баян кьей; | 5 предложе- | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Частицабазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Частицаби каламалъулъ х1алт1изаризе лъай | ние частицабигун г1уц1изе | | |
| 31 | Хадурег1ел | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Хадурег1елалъе баян кьей;<br>2. Хадурег1елазул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Хадурег1елалги наречиялги тексталъулъ рат1а гьаризе малъи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Хадурег1ел | | |
| 32 | Междометие | 1 | Малъараб г1амлъизаби | 1. Междометиялъе баян кьей;<br>2. Междометиязул бит1унхъвай такрар гьаби;<br>3. Междометиял гъорлъ ругел предложениял бит1ун ц1ализе лъай | Междометиял-гун предложения г1уц1изе | | |
| 33 | Контролияб диктант. Милъиршаби | 1 | Х1асил гьаби | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул даража борци;<br>2. Ц1алдохъабазул хъвавул калам борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 34 | Каламалъул бут1аби такрар гьари | 1 | Х1асил гьаби | 1. Каламалъул бут1аби такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Каламалъул бут1аби такрар гьаби | | |
| 35 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби ва щула гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

# Авар мац1 11 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Программаялъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъе ва раг1абазул дандраялъе баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 5.<br>Гъум.7-12 | | |
| 2 | Раг1абазул дандраязулъги предложениязулъги раг1абазул бухьен | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бухьеназе баян кьезе;<br>2. Предложениязулъ бухьенал рат1а гьаризе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | § 6.<br>Гъум.12-14 | | |
| 3 | Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Тартиб ц1унун, предложениял г1уц1изе малъи;<br>2. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | § 7.<br>Гъум.15-16 | | |
| 4 | Хабариял, суалиял, т1алабиял предложениял. Ах1ул предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хабариял, суалиял, т1алабиял предложениязул баян г1амлъизаби;<br>2. Цоялдаса цояб бат1а гьабизе лъай | § 9.<br>Гъум.18-19 | | |
| 5 | БетIерал ва бетIерал гурел членал. Подлежащее | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Предложениялъул членал рак1алде щвезари;<br>2. Подлежащеелъул баян г1ат1ид гьаби;<br>3. Предложениязда жанир подлежащее батизе ц1алдохъабазда лъай | Подлежащее | | |
| 6 | Сказуемое.<br>Бит1араб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Сказуемоелъул ва бит1араб дополнениялъул баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай | Сказуемое. Бит1араб дополнение | | |
| 7 | Хъвалсараб дополнение. Определение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хъвалсараб дополнениялъе ва определениялъе баян кьей;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Предложениялъул членал такрар гьаризе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 8 | Х1ал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Х1алазул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Предложениязда жанир гьел ратизе лъай | § 20-24 Гьум.46-51 | | |
| 9 | Контролияб диктант. Ч1ег1ер нохъо | 1 | | 1. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борци | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 10 | Тайпа цоял членал | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Тайпа цоял членазул х1акъалъулъ цебе малъараб лъай г1амлъизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | Тайпа цоял членалгун 5 предл. г1уц1изе ва разбор гьабизе | | |
| 11 | Тайпа цоял членалгун гIамлъул рагIаби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Тайпа цоял членалгун цадахъ г1амлъул раг1абазда лъалхъул ишараби лъезе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 5 предл. г1уц1изе | | |
| 12 | Обращение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Обращениялъул х1акъалъулъ цебе малъараб материал г1амлъизаби;<br>2. Обращениялгун предложениял г1уц1изе лъай | Диалог г1уц1изе | | |
| 13 | Гьоркьор колел рагIаби ва предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Гьоркьор кколел раг1абазе ва предложениязе баян кьей;<br>2. Цебе малъараб материал г1амлъизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 35. Гьум.69-71 | | |
| 14 | ХитIабалъул, гьоркьор ккарал рагIабазул ва междометиязул кIвар. Гьелгун лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Хит1абалъул, гьоркьор колел раг1абазул ва междометиязул к1варалъул бицине. Гьел каламалъулъ х1алт1изаризе ругьун гьари;<br>2. Гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари | § 36. Гьум.72-73 | | |
| 15 | Калам цебетIезаби. Эбелалъул гьадаро | 1 | Калам цебетIезаби | 1. Ц1алдохъабазда эбелалъул гьадароялъул къимат к1удияб бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. К1алзул калам цебет1езаби | Изложения-лъе х1адуризе | | |
| 16 | Изложение. Эбелалъул | 1 | Калам | 1. Ц1алдохъабазда | Малъараб | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | гъадаро | | цебетIезаби | эбелалъул гъадароялъул къимат к1удияб бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | материал такрар гьаби | | |
| 17 | БитIараб калам | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб каламалъул баян г1ат1ид гьаби;<br>2. Бит1араб каламгун предложениял г1уц1изе лъай;<br>3. Гьелъулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари | § 41.<br>Гьум.82-85 | | |
| 18 | Хъвалсараб калам | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Бит1араб калам хъвалсаралде хисизе малъи;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Диалог г1уц1изе | | |
| 19 | Жубараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жубараб предложениялъул х1акъалъулъ ц1алдохъабазул бич1ч1и г1амлъизаби;<br>2. Журарал предложениял г1уц1изе ругьун гьари | Гьум.99-101 | | |
| 20 | Жубараб сокIкIараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жубараб сок1к1араб предложениялъе баян кьезе;<br>2.Сок1к1иналъул союзазе баян кьезе;<br>3. Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби | § 45.<br>Гьум.101-105 | | |
| 21 | Союзал гьеч1ел предложениязулъ запятая, т1анк1гун запятая, к1ит1анк1, тире | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал сок1к1арал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 47-49.<br>Гьум.109-113 | | |
| 22 | Журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Журарал нахърилълъарал предложениязе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Гьум.114-115 | | |
| 23 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъе баян кьезе; | § 50.<br>Гьум.115-117 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |
| 24 | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 51. Гьум.117 | | |
| 25 | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Нахърилълъина-лъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял г1уц1изе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 52. Гьум.119 | | |
| 26 | Калам цебетIезаби. Ишалъул кагътал | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Г1арза, автобиография, протокол хъвазе малъизе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Протокол хъвазе | | |
| 27 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул г1уц1иялъул бицинея4<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 63. Гьум.141-143 | | |
| 28 | Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Г1амлъия-лъул | 1. Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениялъул разбор гьабизе лъай | § 5. Гьум. | | |
| 29 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Союз гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари;<br>2. Союз гьечIел журарал предложениял ц1ализе ругьун гьари | 3 предл. г1уц1изе | | |
| 30 | Союз гьечIел журарал предложениял | 1 | | 1. Союз гьечIел журарал предложениязул разбор гьабизе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 2 предл. разбор гьабизе | | |
| 31 | Контролияб диктант | 1 | | 1. Ц1алдохъабазул | Малъараб | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъезе бугеб лъаялъул даража борци | материал такрар гьабизе | | |
| 32 | Жубараб предложение. Такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Цебе малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Жубараб предложение | | |
| 33 | Предложениялъул членал. Такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | 1. Предложениялъул членал рак1алде щвезари. Предложениязулъ гьел ратизе лъай4<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | Малъараб материал такрар гьаби | | |
| 34 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Малъараб материал такрар гьаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | | | |

## 10 класс
## 11 класс

Гьаб программаялъ Х-Х1 классалда рахьдал мац1 малъизе бихьизабун буго анкьида жаниб цо саг1ат. Кинабниги к1иго лъаг1алида жаниб - 68 сагlат. Т1асиял классазул программаялда рекъон, авар мац1алъул аслияб курс лъуг1ула V-IX классазда. Гьединлъидал Х-ХI классазда авар мацI малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материал алъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.

Программаялъ гъорлъе рачуна гьал хадур рехсарал бут1аби: практикияб стилистика ва каламалъул культура, лексикология, фразеология, фонетика, бит1ун аби вабит1унхъвай, раг1ул г1уц1и, грамматика ва пунктуация.